


Date Printed: 04/20/2009

JTS Box Number: IFES_64
Tab Number: 100
Document Title: Gid pou moun ka pral vote
Document Date: 1990
Document Country: Haiti
Document Language: Creole
IFES ID: CE00819



* 2 6 5 7 B D C 2 - 2 E D C - 4 1 E 1 - A 4 4 8 - 4 0 B D 1 3 4 4 6 D 1 2 *

ELEKSYON 1990



AL VOTE

**Gid
pou moun ka
pral vote**

Avètisman

Nan ti liv sa a nap jwenn enfòmasyon tou cho sou zafè eleksyon. Sa ta posib pou nou ta oblije fè de ti chanjman.

**Ayisyen ki vle chanjman,
an nou mobilize pou eleksyon!
Men enfòmasyon KEP la pote pou
nou sou:
Moun ki kapab vote.**

MOUN KI KAPAB VOTE

1. Ki moun ki gen dwa vote?

Moun ki gen dwa vote se ayisyen, gason kou fi, ki deja gen 18 an, ki gen kat elektoral, epi ki pa pèdi dwa sivil ak politik li, sa vle di moun ki pa gen pwoblem avèk lalwa. Tout moun gen dwa vote menm si moun sa yo andikape e anplwaye KEP yo gen dwe pran tout disposisyon pou sa.

2. Ki moun ki pa gen dwa vote?

Moun ki pa gen dwa vote se :

- **moun ki gen komès an fayitt** tou senp oswa nan koken,
- tout **moun ke lalwa defann vote** pou tèt move zak oswa kote lalwa pran jijman kont yo.
- **Moun yo kondane pou koken nan eleksyon,**
- **moun ki pèdi tèt yo**


Moun sa nou sot nonmen yo pa gen dwa vote.

Tout moun ki ka vote, yo rele yo **elektè**, e **se nan men elektè yo tout pouvwa chita.**

Alèkile ki devwa yon elektè pou kapab vote?

Premye devwa elektè a se al enskri.

si ou vle sa chanje fòk ou patisipe



ELEKSYON 1990



AL VOTE

KEP - CEP Eleksyon 1990 - AYITI

**Ayisyen ki vle chanjman, an nou mobilise pou Eleksyon!
Men enfòmasyon KEP la pote pou nou sou: Moun ki pral enskri**

Moun ki pral enskri.

1.Ki kote pou ou enskri?

Elektè a ap enskri nan biwo enskripsyon ak vòt yo rele BIV. Anvan ou enskri, fòk ou prezante yon dokiman pou di ki moun ou ye.

2.Ki dokiman ou ka prezante pou yo enskri w?

Dokiman sa yo se:

swa **batistè** w

swa **sètifika batèm** ou

swa **sètifika prezantasyon** w

swa **kat didantite** w

swa **lisans oto** w oubyen **paspò** w

Ou ka pote lòt dokiman, men se manm biwo yo ki pou aksepte yo.

Si ou pa gen okenn dokiman, **vini ak de temwen ki deja gen kat Elektoral yo.**

Kontwole byen si non ou enskri nan rejis la.

3. Ki sa ki pase lè ou fin enskri?

Lè ou fin enskri:


- yo mete non w sou lis elektoral la.
- Jou eleksyon an lis elektoral la ap afiche sou pòt prinsipal biwo vòt la.

Pa bliye, se nan biwo sa a ou dwe vote.

**Songe byen veye nan radyo
dat enskripsyon ap komanse e
jou yap fini**

**Lè ou ale vote ou fè devwa w
men pou w vote
fòk ou gen kat elektoral ou.**

Enskripsyon | Kat elektoral ba w kat | ou ba w elektoral ou. | dwa vote.



ELEKSYON 1990



AL VOTE

KEP - CEP Eleksyon 1990 - AYITI

KAT ELEKTORAL

Ki enpòtans kat elektoral ou?

Depi w fin enskri, yo dwe remèt ou kat elektoral ou. Kat elektoral la se pa w. Se yon dokiman enpòtan. Konsève l tankou papye tè.

Si ou pèdi l ou si li gate, kouri nan biwo elektoral depatman zòn ou, pou fè demach pou sa jwenn you lòt kat. Demach sa a pou fèt 15 jou anvan dat eleksyon yo.

Ki enfòmasyon ou jwenn sou kat elektoral ou?

- Kat la gen **non w** ekri sou li
- **laj** ou.
- **ki lè ou fèt**
- **kote w rete**
- **nimewo otorizasyon** kat la
- Kat la di w ki **biwo** pou al vote
- **Dat** ou enskri
- **Siyati prezidan** oswa sekretè a
- **Nimewo kat la**
- yon kote ki pou di **si elektè a deja vote**

Si ou pa gen kat elektoral ou, ou pa ka vote!

Depi ou deja gen 18 an kapote, ou gen dwa enskri pou gen kat elektoral ou.

Al pran kat elektoral ou



ELEKSYON 1990



AL VOTE

KEP - CEP Eleksyon 1990 - AYITI

**Ayisyen ki vle chanjman, an nou mobilize pou eleksyon!
Men enfòmasyon KEP la pote pou nou sou Biwo Enskripsyon ak vòt yo rele BIV yo.**

Biwo Enskripsyon ak Vòt

1. Kibò ou jwen biwo enskripsyon ak vòt?

Ou jwenn yo **nan tout peyi a**, nan lavil yo, nan seksyon kominal yo, nan seksyon riral yo. Chak BIV nan peyi a ap resevwa **250 elektè** ki kapab enskri ak vote ladan yo..

2. Ki responsablite BIV sa yo?

BIV yo responsab **tout zafè ki regade eleksyon**. Biwo sa responsab **pran enskripsyon** elektè yo, **fè respekte dwa elektè** a tankou elektè a gen **devwa** tou. Se nan menm BIV sa a elektè yo dwe vin vote.

3. Konben fonksyonè ki travay nan biwo enskripsyon ak vòt yo:

- Yon **prezidan**
- yon **sekretè**
- **De lòt manm**
- yon **gadyen pòt**

BIV lan sou kont prezidan an.

4. KI WÒL prezidan BIV la?

Se sou kont prezidan an BIV la ye. Se li menm ki fè **respekte lalwa ak règleman**, ki **responsab mete lòd**, disiplin ak sekirite. Se prezidan Biwo a tou ki **responsab enskripsyon**, jou vòt lan, ak resilta vòt la.

5. KI WÒL BIV yo lè travay enskripsyon an kòmanse?

- **Kontwole** non ak siyati moun ki gen dwa vote yo ansanm ak laj yo epi adrès yo
- **Enskri** moun ki gen dwa enskri nan kaye biwo a.
- **Refise** enskri tout moun lalwa pa bay dwa enskri
- Chak semèn BIV yo voye you **rapò** pou KEP la, ni **sou moun ki enskri**, ni **sou moun yo refize enskri**.

Fonksyonè Biwo enskripsyon ak vòt yo la pou **ede elektè a**.

Men eleksyon yo se elektè kap fè yo.

**Menm kote w te enskri
Se menm kote w wap vote**



ELEKSYON 1990



AL VOTE

KEP - CEP Eleksyon 1990 - AYITI

**Ayisyen ki vle chanjman an nou
mobilize pou eleksyon!**

**Men enfòmasyon KEP la pote pou
nou sou: Pwotestasyon nan zafè
eleksyon**

PWOTESTASYON

1. Ki moun ki kapab pwoteste?

Depi yon moun kapab vote e li domisilye nan yon komin oubyen nan yon sikonskripsyon elektoral e li enskri regilyè, moun sa a kapab pwoteste.

2. Ki lè elektè gen dwa pwoteste?

a. Elektè a gen dwa pwoteste kont tout sitwayen ki enskri non move kondisyon.

b. Yon elektè gen dwa pwoteste kont deklarasyon kandidati nenpòt ki plas depi kandida a pa an règ ak tout kondisyon konstitisyon an ak lalwa pase, pou moun gen dwa kandida.

c. Elektè a gen dwa pwoteste kont rezilta eleksyon an.

3. Ki jan pwotestasyon an mache?

Sou twa jou pou pita, apre elektè a pwoteste a, se pou prezidan biwo ki reskonsab la prese voye yon kopi ak pwotestasyon an bay kandida a.

Prezidan biwo a dwe afiche yon kopi ak pwotestasyon an sou pòt prinsipal biwo BED, biwo BEK ak biwo la Komin Kandida a.

4. Ki sa ki nan pwotestasyon an?

Sa ki nan pwotestasyon an se:

- 1. Ki jou, ki dat, ki ane, ak ki lè deklarasyon kandidati a fèt.
- 2. Dèyè ki plas ki mande eleksyon, kandida a ye.
- 3. Siyati ak non, metye, domisil ak adrès kandida a.
- 4. Rezon ki genyen pou pwotestasyon an.
- 5. Dat yo afiche pwotestasyon an.
- 6. Siyati, non moun ki pwoteste a, ak yon kout plim li fè nan siyen non li, oubyen ak yon deklarasyon kòm kwa li pa konn ekri.

5. Ki sa elektè bezwen lè lap pwoteste?

Pou elektè a pwoteste:

- Fòk li gen kat elektoral li.
- Fòk li gen de temwen pou mete kòz la devan KEP la.
- Fòk li bay rezon ak prèv pou apiye pwotestasyon an.

- Fòk li siyen ansanm ak temwen yo protestasyon. Si yo pa konn siyen yo va fè yon deklarasyon pou di yo pa konn siyen.
- Si elektè kap fè pwotestasyon an pa bay bon prèv pou apiye pwotestasyon an nan yon delè venn katrè, pwotestasyon an nil.

**P.A.O.
Design**

**: Lionel Laviolette
: Frantz Ewald 90**



**NEW
DOCUMENT**

TRANSLATION OF THE LESSONS

LESSON 1

Haitians want to change lets stick together for election.

Here is information that C.E.P. wants to tell you.

PEOPLE WHO CAN VOTE

1.-WHO CAN VOTE.

Haitians - women and men - 18 years old who have their electoral card and also who haven't been deprived of their political rights. - handicapped people can also vote and the members of the BIVs should take care of them.

1.- WHO CAN NOT VOTE.

People whose business had gone in bankruptcy or those who has legal problems or had been condemned because violations of the electoral law. Mental illness people can not vote also.

PEOPLE WHO CAN VOTE ARE THE ELECTORS
ELECTORS HAVE THE POWER
POWER IS IN THEIR HANDS BECAUSE THEY HAVE THE BALLOTS
THE ELECTORS RIGHT IS TO VOTE BUT FIRST YOU HAVE TO REGISTER

LESSON 2

1.- WHERE TO REGISTER

You have to register at the BIVs to get your electoral card - But before you have to have ready your identification.

2.- DOCUMENTS FOR REGISTER

Any of the following documents are valid for register.

- religious birth certificate
- baptism certificate
- certificate of presentation
- identification haitian document
- driving license
- passport

Other legal documents can be use but they should be approve by the members of the BIVs, first.

If you don't have any of the documents listed above you can come and register with two electors.

3.- AFTER YOU REGISTER

When you register they give you your electoral card. On election day you will be in the list of electors at the BIV.

Remember where you have registered is where you vote.

LISTEN TO THE RADIO FOR THE DATE OF REGISTRATION
WHEN YOU VOTE YOU FULFILL YOUR DUTY BUT YOU MUST HAVE YOUR
ELECTORAL CARD

LESSON 3

1.- IMPORTANCE OF THE ELECTORAL CARD

After you registered they must give you your electoral card. The electoral card is yours and it is a very important document, keep it as a legal paper if you lost it or if it is damaged go quickly to the BIV in your neighborhood and get a new one. You have to do that 15 days before election day.

2.- INFORMATION ON ELECTORAL CARD

Name - age - date of birthday - address - carte number - place to vote - date of registration - signatures - a blank space to mark when you vote.

IF YOU DON'T HAVE YOUR ELECTORAL CARD YOU CAN NO VOTE
IF YOU ARE 18 YEARS OLD YOU HAVE THE RIGHT TO REGISTER AND TO
OBTAIN YOUR ELECTORAL CARD

LESSON 4

1.- WHERE YOU CAN REGISTER AND VOTE

There are BIVs all over the country, in the cities and also in the communal and rural sections. In each BIV there can register and vote 250 electors.

2.- RESPONSIBILITIES OF THE BIV

They are responsible for all the electoral matters. They are responsible for register the elector and they are responsible too for the respect of the law.

3.- PEOPLE AT THE BIV

There are five people working in every BIV. The president - the secretary - two others members and porter.

4.- PRESIDENT OF THE BIV

The president it is responsible for the performance of registration, on election day and for the electoral results. It is his duty too to make respect the law and for the order, discipline and security in the BIV.

5.- PROCEDURE OF REGISTRATION AT THE BIV

The members of the BIVs should verify the name, signature, age and address of each elector. Then, they should write the electors name in the register book - They should refuse to register the elector who has legal problems - Every week they have to send a list with the names of the electors who had registered during the week.

THE POLL WORKERS AT THE BIV TO HELP THE ELECTOR BUT ELECTION IS

1 D

ONLY MADE BY THE ELECTORS

LESSON 5

I.- WHO CAN CONTEST

A.- The electors legally registered in the communal section are the people who can contest.

B.- WHEN TO CONTEST

a.- The electors can contest against the people who had registered in illegal conditions.

b.- The electors can contest against the candidature if the candidate don't respect the constitution or the law.

c.- He can make opposition against the electoral results.

C.- PROCEDURE OF CONTESTATION

D.- CONDITIONS TO CONTEST

Kisa elektè a bezwen pou li enskri?

1. Ki kote pou ou enskri?

Elekte a ap enskri nan biwo enskripsyon ak vòt yo rele BIV.
Anvan ou enskri, fòk ou prezante yon dokiman pou di ki moun ou ye.

2. Ki dokiman ou ka prezante pou yo enskri w?

Dokiman sa yo se :

- swa batistè w
- swa sètifika batèm ou
- swa sètifika prezantasyon w
- swa kat didantite w
- swa lisans oto w oubyen paspò w

Ou ka pote lòt dokiman, men se manm biwo yo ki pou aksepte yo,

Si ou pa jwen okenn dokiman, vini ak de temwen ki deja gen kat Elektoral yo.

Kontwole byen si non ou enskri nan rejis la.


Lè ou fin enskri, reklame kat elektoral ou.


ELEKSYON 1990



AL VOTE

KEP - CEP Eleksyon 1990 - AYITI





LIST OF VIDEO SPOTS

- i. Motivation for Voting with CEP Jingle
Spot sur motivation de vote (jingle CEP) 45 sec.
2. Freedom of Choice in Selecting Candidates
Liberté de choix des candidats 45 sec.
3. How to Vote for the Presidential Candidates
Comment identifier et voter pour le président 45 sec.
4. How to Vote for the Deputorial Candidates
Comment identifier et voter pour le député 45 sec.
5. How to Vote for the Communal Section Candidates
Comment identifier et voter pour le cartel de KASEK 45 sec.
6. How to Vote for the Municipal Council Candidates
Comment identifier et voter pour le cartel de magistrat 45 sec.
7. How to Vote for the Senatorial Candidates
Comment identifier et voter pour le sénateur 50 sec.
8. Voting Procedures
Déroulement du scrutin 1 min. 15 sec.
9. Consequences of Illegal Actions
Sanctions 1 min. 55 sec.